

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali ingkang sampun kaandharaken wonten ing bab sekawan saged dipunpendhet dudutanipun wonten ing ngandhap menika.

1. Kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali menika awujud korespondensi swanten saha teges saking kosa kata dasar Morris Swadesh. Adhedhasar korespondensi swanten saha teges kasebat kapanggihaken bukti-bukti kekerabatan antawisipun basa Jawi saha basa Bali. Bukti kekerabatan menika saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

a. Wujud korespondensi fonem vokal

1) Fonem /i/ ~ fonem / / saha /i/

a) Fonem /i/ mapan ing wiwitaning tembung ~ fonem / / mapan ing pungkasaning wanda kaping kalih.

b) Fonem /i/ kanthi lafal [I] mapan ing wanda kaping kalih sigeg, wiwitaning wanda kaping kalih sigeg, saha tengahing tembung ~ fonem /i/.

2) Fonem / / mapan ing wiwitaning saha pungkasaning tembung, pungkasaning tembung, pungkasaning wanda sepisan saha pungkasaning wanda kaping kalih, pungkasaning wanda kaping kalih saha

pungkasaning wanda kaping tiga, saha pungkasaning tembung
~ fonem /a/.

3) Fonem /u/ ~ fonem /i/ saha /u/

a) Fonem /u/ mapan ing tengahing wanda sepisan ~ fonem /i/

b) Fonem /u/ kanthi lafal [U] ~ fonem /u/ saha /i/

(1) Fonem /u/ kanthi lafal [U] mapan ing tengahing wanda kaping kalih,
wiwitaning wanda kaping kalih ~ fonem /u/.

(2) Fonem /u/ kanthi lafal [U] mapan ing tengahing wanda kaping kalih
~ fonem /i/.

4) Fonem / / mapan ing pungkasaning wanda sepisan saha tengahing wanda
kaping kalih ~ fonem /i/

5) Fonem /e/ kanthi lafal [] mapan ing tengahing wanda kaping kalih, saha
tengahing tembung ~ fonem /e/.

6) Fonem /a/ mapan ing tengahing wanda kaping kalih ~ fonem / /.

7) Fonem /o/ ~ /u/ saha /o/

a) Fonem /o/ mapan ing wiwitaning tembung ~ fonem /u/.

b) Fonem /o/ kanthi lafal [] ~ fonem /o/.

Fonem /o/ kanthi lafal [] mapan ing wiwitaning wanda sepisan saha
tengahing wanda kaping kalih, tengahing wanda kaping kalih,
tengahing tembung, saha tengahing wanda sepisan saha tengahing
wanda kaping kalih ~ fonem /o/.

8) Fonem /e/ mapan ing pungkasaning wanda sepisan ~ fonem /o/.

b. Wujud korespondensi fonem konsonan

- 1) Fonem /w/ mapan ing wiwitaning wanda kaping kalih, saha wiwitaning tembung ~ fonem /b/.
- 2) Fonem /t/ mapan ing wiwitaning wanda kaping kalih, pungkasaning tembung, wiwitaning tembung, wiwitaning wanda sepisan saha wiwitaning wanda kaping kalih, saha wiwitaning wanda kaping kalih ~ fonem /t/.
- 3) Fonem /l/ mapan ing wiwitaning tembung ~ fonem /b/ saha /r/.
- 4) Fonem /s/ mapan ing wiwitaning tembung ~ fonem /r/.
- 5) Fonem /r/ mapan ing wiwitaning tembung ~ fonem /s/.
- 6) Fonem /d/ ~ fonem /j/ saha /t/
 - a) Fonem /d/ mapan ing wiwitaning wanda kaping kalih, saha wiwitaning tembung ~ fonem /j/.
 - b) Fonem /d/ mapan ing wiwitaning wanda kaping kalih, wiwitaning wanda kaping kalih wonten ing BJ saha mapan wonten ing wiwitaning tembung wonten ing BB, saha wiwitaning tembung ~ fonem /t/.
- 7) Fonem /b/ mapan ing wiwitaning tembung ~ fonem /w/
- 8) Fonem /k/ kanthi lafal [ʔ] mapan ing pungkasaning tembung ~ fonem /k/
- 9) Fonem /i/ mapan ing wiwitaning tembung ~ fonem /i/

c. Wujud korespondensi fonem nasal

tambah ing nasal /m/ mapan ing wiwitaning tembung ~ nasal / /.

d. Tambah ing fonem konsonan /p/, /w/, saha /k/ mapan ing wiwitaning tembung wonten ing basa Bali

e. Tambah ing fonem nasal / / mapan ing wiwitaning tembung wonten ing basa Bali

f. Icaling fonem vokal / /, /a/, /u/, saha / / wonten ing basa Bali

1) icaling fonem vokal / /, /a/, saha / / mapan ing wiwitaning tembung.

2) icaling fonem vokal /u/ mapan ing tengahing tembung.

g. Icaling fonem konsonan /m/, /k/, /p/, /h/, /b/, saha /r/ ing basa Bali

1) icaling fonem /m/ saha /h/ mapan ing tengahing tembung.

2) icaling fonem /k/, /p/, /b/, saha /r/ mapan ing wiwitaning tembung.

2. Ewah-ewahan swanten adhedhasar papanipun kapanggihaken sekawan jinis inggih menika aferesis, sinkope, prothesis, saha paragoge.

3. Prosentase kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali kapanggihaken 60% kanthi 120 tembung ingkang berkorespondensi saking 200 kosa kata dasar Morris Swadesh. Prosentase kekerabatan 60% menika kalebet kategori kulawarga basa (family).

B. Implikasi

Panaliten menika ngrembag kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali. Wonten ing panaliten menika kapanggihaken tembung-tembung ingkang gadhah korespondensi

swanten saha teges antawisipun basa Jawi saha basa Bali. Tembung-tembung menika dipunginakaken kangge nggampilaken komunikasi jalaran priyantun Jawi saha Bali menika sampun mangertos tembung-tembung ingkang ngemu teges sami antawisipun basa Jawi saha basa Bali.

C. Pamrayogi

Panaliti ingkang ngrembag panaliten bab linguistik historis menika taksih sekedhik. Wonten ing panaliten menika panliti namung ngginakaken kamus kangge dhasaring panaliten kasebat. Pramila, kaangkah wonten ing panaliten salajengipun saged dipunrembag malih panaliten kekerabatan basa Jawi saha basa Bali gayut kalihan undha usukipun kanthi panaliten langsung wonten ing tlatah Bali.